



Konpayi ki distribye I: Filyal eksplwatasyon Cigna Corporation. Se Cigna Health and Life Insurance Company ki souskri prestasyon asirans yo.

kote se anplwaye a ki peye kotizasyon yo

ASIRANS POU BLESİ PA AKSIDAN

REZIME SOU PRESTASYON YO

Li prepare pou: Vil Portland

Asirans pou blesi pa aksidan se yon prestasyon lajan kach ki fiks selon tablo ki anba a. Li aplike lè moun ki asire a sibi kèk kalite blesi oswa lè li resevwa diferan kalite tretman oswa swen medikal akòz yon aksidan asirans lan kouvri. *Gade varyasyon yo pou diferan Eta yo (ki endike ak yon *) anba a.*

Kiyès ki ka chwazi asire

Anplwayè w pral egzamine si ou menm, mari w oswa madanm ou, ak pitit ou yo kalifye.

Ou menm: Tout anplwaye ki aktif, ki travay apentan oswa amitan pou anplwayè a, ki travay Ozetazini pou yon minimòm 18.75 èdtan chak semèn, ki abite Ozetazini, e ki sitwayen ameriken oswa etranje ki rezidan pèmanan Ozetazini, ansanm ak mari oswa madanm yo, moun yo viv avè l la oswa moun ki patnè yo nan inyon sivil, ak pitit yo ki sou kont yo ki sitwayen ameriken oswa ki etranje ki rezidan pèmanan Ozetazini, e ki abite Ozetazini.

W ap kalifye pou jwenn asirans nan premye jou nan mwa ki koresponn oswa ki vin apre pwochen dat anbòch oswa dat sèvis aktif.

Mari w/madanm ou/moun ou viv avè l la: Jiska laj 100 lane, depi ou aplike pou asirans pou tèt ou epi yo apwouve w pou sa.

Pitit ou (yo): Ant nesans yo ak laj 26 lane; plis pase 26 lane si yo andikape, depi ou aplike pou asirans pou tèt ou epi yo apwouve w pou sa.

Asirans ki disponib: Plan asirans pou blesi pa aksidan sa a fonksyone 24 sou 24.

Plan an ap peye montan ki parèt nan rezime sa a pou prestasyon yo, kèlkeswa depans ki fèt yo. Montan sa yo aplike chak jou, sof si rezime a bay yon lòt peryòd. Plan an ka peye prestasyon yo sèlman lè tout kondisyon ki nan kontra a ranpli. Tanpri li tout enfòmasyon yo nan rezime sa a pou konprann kondisyon yo, varyasyon ki genyen nan diferan Eta yo, ansanm ak esklizyon ak limitasyon ki aplike pou prestasyon sa yo. Gade sètifika asirans ou an pou jwenn plis enfòmasyon.

Pousantaj sou montan prestasyon yo (sof si yo bay yon lòt esplikasyon)	Anplwaye	Mari oswa madanm	Pitit
	100% nan prestasyon ki endike yo	100% nan prestasyon ki endike yo	100% nan prestasyon ki endike yo

Premye swen ak swen ijans	Plan
Tretman swen ijans	\$150
Vizit kay doktè (san wete nan sant swen rapid)	\$100
Egzamen dyagnostik (radyografi oswa analiz nan laboratwa)	\$60
Transpò nan anbilans sou wout, sou dlo oswa nan syèl	\$400/\$1,600
Prestasyon pou ospitalizasyon	Plan
Admisyon nan lopital	\$1,000
Sejou lopital	\$250
Sejou nan inite swen entansif	\$400
Frakti ak debwatman	Plan
Pou chak frakti plan an kouvri ki repare pa mwayen chiriji	\$400-\$8,000
Pou chak frakti plan an kouvri ki pa repare pa mwayen chiriji	\$200-\$4,000
Mikwo-frakti (pousantaj nan prestasyon pou frakti yo)	25%
Pou chak debwatman plan an kouvri ki repare pa mwayen chiriji	\$400-\$6,000
Pou chak debwatman plan an kouvri ki pa repare pa mwayen chiriji	\$200-\$3,000
Swen suivi	Plan
Vizit suivi kay doktè (oswa pwofesyonèl medikal)	\$50
Vizit suivi pou fizyoterapi	\$45

Prestasyon siplemantè pou aksidan	Plan
Egzanp:	
Ti laserasyon (ki egal oswa ki mwens pase 6 pous longè e ki mande 2 pwen kouti oswa plis)	\$100
Gwo laserasyon (ki plis pase 6 pous longè e ki mande 2 pwen kouti oswa plis)	\$600
Konkisyon	\$375
Koma (ki dire 7 jou san repons)	\$10,000

Prestasyon siplemantè pou blesi pa aksidan ki fè pati plan an - Gade sètifika a pou jwenn plis detay, san wete limitasyon ak esklizyon yo Swen vityèl yo aksepte pou premye vizit kay doktè a ak swen suivi yo.

Prestasyon pou lanmò ak mitilasyon pa aksidan	Plan
Men kèk egzant prestasyon ki peye (san se pa yo menm sèlman ki aplikab) se lanmò akoz yon aksidan machin, pèt kapasite pou pale ki total ak pèmanan, ak pèt kapasite pou tandè nan toule de zòrèy yo ki total ak pèmanan. Montan prestasyon plan an peye a depann de kalite pèt plan an kouvri. Prestasyon pou mari/madanm nan se 100% epi prestasyon pou pitit la se 50% nan prestasyon ki endike a.	Lanmò: \$50,000 - \$100,000 Mitolasyon: \$2,000 - \$30,000

Karakteristik pòtabilite: Ou menm, mari w/madanm ou ak pitit ou (yo) ka rete asire a 100% lè kontra asirans lan fini. Se pou w gen mwens pase 100 lane pou w kenbe asirans lan. Tarif yo gendwa chanje epi tout kontra asirans yo fini lè ou rive nan 100 lane. Sa aplike pou sitwayen ameriken yo ak etranje ki rezidan pèmanan yo ki abite Ozetazini.

Sa asirans lan koute chak semèn pou anplwaye a:

Nivo	Plan
Anplwaye	\$1.80
Anplwaye ak mari/madanm	\$3.23
Anplwaye ak pitit li (yo)	\$3.99
Fanmi	\$5.42

Kou yo gendwa chanje. Prim ou gen pou peye a nan chak peryòd ka yon ti jan diferan poutèt nou awondi montan yo.

Definisyon ak dispozisyon ki enpòtan nan kontra a:

Sa asirans lan kouvri: Plan an peye prestasyon yo lè yon aksidan plan an kouvri vin lakòz yon blesi plan an kouvri, yon fason ki dirèk e san pa gen lòt koz.

Aksidan plan an kouvri: Yon evènman eksteryè ki parèt bridsoukou, sanzatann, e ki lakòz yon blesi plan an kouvri oswa yon pèt plan an kouvri, yon fason ki dirèk e san pa gen lòt koz, depi li fèt pandan moun ki asire a toujou asire anba kontra sa a. Li pa ka yon evènman ki parèt akoz yon maladi, yon andikap mantal oswa yon andikap fizik. Li pa kouvri si kontra sa a fè konnen evènman an pa kouvri.

Blesi plan an kouvri: Nenpòt domaj fizik yon moun sibi akoz yon aksidan plan an kouvri, yon fason ki dirèk e san pa gen lòt koz.

Moun ki asire: Moun ki kalifye e ki enskri pou gen asirans anba kontra sa a.

Pèti ki kouvri: Yon pèt moun ki asire a sibi akoz yon aksidan plan an kouvri, yon fason ki dirèk e san pa gen lòt koz, pandan peryòd ki dekri nan kontra a.

Lopital: Yon etablisman ki gen lisans lopital anba lwa ki aplikab yo; kote aktivite prensipal la se bay moun ki malad ak moun ki blese swen medikal ak tretman yon fason ki kontini; ki jere anba sipèvizyon pwofesyonèl oswa doktè medikal; ki bay sèvis enfimye 24 sou 24 anba sipèvizyon yon enfimye anrejistre ki diplome (R.N.); epi ki gen ekipman medikal, dyagnostik ak tretman ansanm ak gwo ekipman chirijikal nan lokal la, oswa ki pran dispozisyon pou jwenn ekipman sa yo alavans; epi ki mande kòb pou sèvis li bay yo. Definisyon lopital la pa gen ladan l yon klinik, yon lokal oswa yon sèvis lopital ki la pou: swen reyabilitasyon, konvalesans, gad, edikasyon oswa enfimye; granmoun yo; tretman adiksyon ak dwòg oswa alkòl.

Ki lè asirans ou an kòmanse: Asirans lan kòmanse fonksyone nan dat ki tonbe pi ta nan dat sa yo: nan dat pwogram nan antre anvigè a, nan dat ou vin kalifye a, oswa nan premye jou nan mwa ki vin apre dat nou resevwa fòm enskripsyon ou te ranpli a, sof si Cigna endike yon lòt dat. Asirans ou an pa p kòmanse fonksyone si w pa p travay nan dat li sipoze antre anvigè a. Moun ki asire yo pa p benefisye asirans lan nan dat li sipoze antre anvigè a si yo entène lopital, si yo entène nan yon etablisman oswa si yo oblije ret lakay yo, si yo andikape epi yo resevwa prestasyon pou andikap, oswa si yo pa kapab fè aktivite yo gen pou fè chak jou yo.

Ki lè asirans ou an fini: Asirans lan fini nan dat ki tonbe anvan nan dat sa yo: nan dat ou menm ak moun ki sou kont ou yo vin pa kalifye ankò, nan dat kontra gwoup la pa anvigè ankò, nan dènye dat peryòd ou te peye yon prim pou li a. Pou moun ki sou kont ou yo, asirans lan fini lè asirans pa w lan fini, lè ou pa peye prim yo oswa lè yo vin pa kalifye ankò. (Nan kèk ka, asirans ou an gendwa kontinye. Veye pou w li dispozisyon yo nan sètifika w.)

Dwa pou egzamine sètifika a pandan 30 jou: Si yon moun ki asire pa satisfè ak sètifika a pou kèlkeswa rezon an, li gendwa voye l tounen ban nou nan lespas 30 jou apre li resevwa li. N ap remèt nenpòt prim ou te gentan peye epi sètifika a pa p valid, kòm si nou pa t janm voye li.

Kondisyon ak limitasyon pou prestasyon yo: Se kèk enfòmasyon jeneral sèlman ki nan dokiman sa a. Pou yon pèt plan an kouvri, tout demann ranbousman yo dwe ranpli kondisyon ak limitasyon ki aplike pou prestasyon an, epi yo dwe respekte tout lòt kondisyon ki nan kontra gwoup la.

Esklizyon ki komen:* Anplis nenpòt esklizyon ki aplike pou yon prestasyon, pa p gen okenn peman ki fèt pou yon pèt ki fèt akòz youn nan evènman sa yo, yon fason ki dirèk oswa ki endirèk: • blesi youn moun fè espre bay tèt li, san wete suisid oswa tantativ suisid; • atake youn moun oswa komèt youn krim; • sote ak elastik; fè parachit; sote depi avyon; fè parachit asansyonèl; dèlta-plàn; • youn gè oswa youn zak gè ki deklare oswa ki pa deklare; • vwayaj nan avyon oswa nan youn loòt aparèy ayeryen, sof antanke pasaje komèsal oswa nan youn aparèy Air Mobility Command nan itilize (sof si se moun ki souskri asirans lan ki mèt aparèy la, ki lwe li oswa ki kontwole li); • maladi, andikap fizik oswa mantal, enfeksyon bakteryèn oswa viral, oubyen tretman medikal oswa chirijikal, sof pou enfeksyon bakteryèn ki parèt akòz youn koupe oswa youn blesi ki fèt nan youn aksidan ekstèn oswa poutèt moun nan vale youn manje kontamine pa aksidan; • aktivite ki fèt pandan moun nan travay nan fòs militè yo, sof nan youn antrènman pou fòs rezèv yo oswa pou Gad Nasyonal la ki dire 31 jou oswa mwens; • kondui youn machin anba enfluyans alkòl, dwòg oswa lòt sibstans ki entoksike moun nan; • itilizasyon dwòg youn fason ki volontè, sof si se anba youn preskripsyon epi selon enstriksyon youn doktè; • sèvis oswa tretman moun nan resevwa nan men youn doktè, youn enfimyè oswa youn lòt moun ki: youn anplwaye moun ki souskri asirans lan, ki abite avèk moun ki asire a oswa ki youn fanmi pwòch li, oswa ki bay tretman medikal altènatif. Kondisyon ki nan kontra a gendwa chanje selon plan an ak kote ou ye a.

Esklizyon ak limitasyon ki aplike pou kèk prestasyon:*

Tretman swen ijans: Tretman an dwe fèt nan lespas 30 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Limit:** plan an ka peye youn sèl fwa pou chak aksidan plan an kouvri, pou chak moun ki asire. Bagay sa yo pa ladan l: tretman moun nan resevwa nan men youn fanmi pwòch li, nan youn klinik oswa nan youn kabinè doktè. **Vizit kay doktè:** Youn doktè dwe bay dyagnostik la ak tretman an nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Limit:** plan an ka peye youn sèl fwa pou chak aksidan plan an kouvri, pou chak moun ki asire; plan an pa p peye si moun ki asire a kalifye pou l resevwa youn prestasyon anba tretman ijans lan. Bagay sa yo pa ladan l: egzamen sante woutin oswa vaksinasyon pou moun ki asire ki genyen 60 lane oswa plis, vizit pou pwoblèm sante mantal oswa nève, ak vizit youn chirijyen pandan pasyan an entène lopital. **Egzamen dyagnostik:** plan an ka peye youn sèl fwa pou chak aksidan plan an kouvri, pou chak moun ki asire; tretman an dwe fèt nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Transpò nan anbilans sou wout, sou dlo oswa nan syèl:** Sèvis la dwe fèt kote aksidan plan an kouvri a te fèt la oswa nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Limit:** plan an ka peye youn sèl fwa pou chak aksidan plan an kouvri, pou chak moun ki asire; plan an ap peye pou youn sèl prestasyon pou transpò sou wout, sou dlo oswa nan syèl (l ap peye pou prestasyon ki koute plis la). **Admisyon nan lopital:** Pasyan an dwe entène lopital nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a akòz aksidan sa a. **Limit:** plan an ka peye youn sèl fwa pou chak aksidan plan an kouvri. Bagay sa yo pa ladan l: tretman nan sal dijans san pasyan an pa entène, oubyen lè pasyan an entène youn dezyèm fwa pou menm aksidan plan an kouvri a. **Sejou lopital, chak jou:** Pasyan an dwe entène pou omwen 23 èdtan oswa li dwe entène epi rete lopital la nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Limit:** 355 jou pou chak aksidan plan an kouvri; 1 sejou pou chak aksidan; plan an pa p peye lè pasyan an entène youn dezyèm fwa pou menm aksidan plan an kouvri a; si pasyan an kalifye pou prestasyon pou sejou lopital la ak prestasyon pou inite swen entansif inisyèl la, plan an ap peye pou youn sèl prestasyon pou menm aksidan plan an kouvri a (l ap peye pou prestasyon ki koute plis la); plizyè sejou ki fèt nan lespas 90 jou apre menm aksidan plan an kouvri a oswa pou youn aksidan ki gen rapò ak premye aksidan an konsidere kòm youn sèl sejou. **Sejou nan inite swen entansif, chak jou:** Pasyan an dwe entène pou omwen 23 èdtan oswa li dwe entène epi rete lopital la nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Limit:** 15 jou pou chak aksidan plan an kouvri; plan an pa p peye lè pasyan an entène youn dezyèm fwa pou menm aksidan plan an kouvri a; si pasyan an kalifye pou prestasyon pou sejou lopital la ak prestasyon pou inite swen entansif inisyèl la, plan an ap peye pou youn sèl prestasyon pou menm aksidan plan an kouvri a (l ap peye pou prestasyon ki koute plis la); plizyè sejou ki fèt nan lespas 90 jou apre menm aksidan plan an kouvri a oswa pou youn aksidan ki gen rapò ak premye aksidan an konsidere kòm youn sèl sejou. **Frakti/debwatman:** Si genyen plizyè frakti, plan an ap peye pou youn sèl prestasyon (l ap peye pou prestasyon ki koute plis la). Plan an pa p peye pou mikwo-frakti anplis youn frakti ki fèmen. **Limit:** Ni frakti ni debwatman yo limite nan 1 pou chak aksidan. Youn doktè dwe bay dyagnostik la ak tretman an nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Vizit suivi kay doktè:** **Limit:** 10 vizit suivi pou chak moun ki asire, pou chak aksidan plan an kouvri, pou vizit suivi kay doktè. Youn doktè dwe egzamine pasyan an, trete li oswa preskri li youn tretman. Premye egzamen an oswa tretman an dwe fèt nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. Tretman suivi a dwe fini nan lespas 365 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Vizit suivi kay doktè** yo ka gen ladan yo tretman nan men pwofesyonèl sante ki gen lisans k ap bay swen chiwo pratik, òtòfoni, ègoterapi, terapi vokasyonèl, inaloterapi ak tretman sante mantal ki gen rapò ak aksidan plan an kouvri yo kote pasyan an pran youn chòk. **Vizit suivi pou fizyoterapi:** **Limit:** 10 vizit suivi pou chak moun ki asire, pou chak aksidan plan an kouvri, pou vizit suivi pou fizyoterapi. Youn doktè dwe egzamine pasyan an, trete li oswa preskri li youn tretman. Premye egzamen an oswa tretman an dwe fèt nan lespas 120 jou apre aksidan plan an kouvri a. Tretman suivi a dwe fini nan lespas 365 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Gwo laserasyon:** Tretman nan men doktè a dwe fèt nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Limit:** plan an ka peye 1 fwa pou chak moun ki asire, pou chak aksidan plan an kouvri; pou plizyè laserasyon, maksimòm plan an ka peye se 2 fwa valè prestasyon an. **Konkisyon:** Youn doktè dwe bay dyagnostik la nan lespas 90 jou apre aksidan plan an kouvri a. **Limit:** plan an ka peye 1 fwa pou chak aksidan plan an kouvri. **Koma:** **Limit:** plan an ka peye 1 fwa pou chak aksidan plan an kouvri. Moun nan dwe enkonnsyan pandan 7 jou oswa plis, san repons lè li resevwa youn estimilasyon ekstèn, epi li dwe sou respirasyon atifisyèl oswa sou youn machin ki kenbe l an vi. Bagay sa yo pa ladan l: koma doktè yo pwovoke. **Sipleman pou lanmò ak mitilasyon pa aksidan:** Pou resevwa prestasyon an, lanmò a oswa pèt la dwe fèt nan lespas 365 jou apre aksidan plan an kouvri a. Esklizyon ki aplike yo pou prestasyon sa a se sa ki nan seksyon sou esklizyon jeneral yo. Si youn moun ki asire mouri akòz youn aksidan machin, plan an pa p peye okenn lòt prestasyon pou lanmò. Si se li ki t ap kondui machin nan, li dwe gen youn lisans machin ki ajou e ki valid. Si youn prestasyon pou pèt kapasite pou pale oswa pou tande nan toule de zòrè yo ki total ak pèmanan ka peye, plan an pa p peye pou okenn prestasyon mitilasyon epi prestasyon total yo pa p depase prestasyon pou lanmò an. Lis sa a pa konplè. Gade sètifika a pou jwenn tout detay yo, san wete limitasyon ak esklizyon ki aplike yo pou prestasyon sa a.

*Varyasyon nan Eta yo

Definisyon mari/madanm nan gen ladan l patnè nan inyon sivil yo nan New Hampshire ak Vermont, men li pa gen ladan l patnè nan inyon sivil yo nan Idaho. **Esklizyon ak limitasyon ki aplike pou kèk prestasyon:** Yo pwolonje delè yo bay la pou jwenn sèvis apre yon aksidan plan an kouvri a nan NM, VT ak WA. Esklizyon pou vizit kay doktè a pa aplike pou rezidan ID yo. Pou rezidan TX yo, esklizyon pou swen ijans lan limite nan tretman yon fanmi pwòch bay epi li pa aplike pou dantis ki gen lisans yo. **Sejou nan lopital/nan ICU** yo mande yon minimòm 31 jou pou rezidan Idaho yo. Gade sètifika w la pou jwenn plis detay. Pou rezidan NH yo, sejou nan lopital/nan ICU ki fèt nan lespas 180 jou apre menm aksidan plan an kouvri a oswa pou yon aksidan ki gen rapò ak premye aksidan an konsidere kòm yon sèl sejou. Esklizyon komen yo ka diferan pou rezidan AK, ID, LA, MN, NC, NM, SC, SD, VT ak WA yo. Dat asirans lan antre anvigè a pa p repòte pou pi ta pou rezidan TX yo si yo resevwa chimyoterapi oswa radyoterapi, lèfini repò dat la gen rapò ak yon andikap oswa ak aktivite ki pou fèt nan lavi chak jou yo epi li aplike pou mari/madanm nan sèlman. Pou rezidan ID yo, dat asirans lan antre anvigè a pa p repòte pou pi ta poutèt moun nan pa ka fè aktivite ki pou fèt nan lavi chak jou yo. Prestasyon transpò nan anbilans sou wout, sou dlo oswa nan syèl la ka diferan pou rezidan CT yo. Fason yo rele **pòtabilite** nan TX ak VT se kontinyasyon akòz moun nan vin pa kalifye ankò. Rezidan VT yo pa anba okenn limit laj pou yo kontinye jwenn asirans. Kondisyon sou pòtabilite yo gendwa diferan pou rezidan AK, AR, CT, FL, ID, LA, ME, MD, MS, NH, NC, ND, SC, TX, VT, WA, ak WI yo. **Vizit kay doktè** yo ap toujou disponib pou rezidan AK, VT ak WA yo. Prestasyon tretman swen ijans, egzamen dyagnostik ak anbilans yo ap toujou disponib pou rezidan VT ak WA yo. **Prestasyon sejou nan lopital/nan inite swen entansif** yo ap toujou disponib pou rezidan VT yo. **Prestasyon siplemantè pou sejou nan lopital/nan inite swen entansif** yo gendwa disponib pou rezidan ID ak NH yo. Definisyon **aksidan plan an kouvri a** diferan pou rezidan AR, ID, NM, VT ak WA yo. Prestasyon yo ka pa disponib oswa yo ka limite pou rezidan NM yo. Definisyon aksidan plan an kouvri a diferan pou rezidan NM yo. Definisyon pèt plan an kouvri a diferan pou rezidan NM ak VT yo. Definisyon lopital la diferan pou rezidan NH ak VT yo. **Lanmò ak mitilasyon pa aksidan:** Yon prestasyon minimòm \$1,000 pou pèt yon dwèt oswa yon zòtèy ap disponib pou rezidan NH yo.

Seri 1.0

Kondisyon pou asirans pou aksidan yo defini nan kontra gwoup n° A1110623. Dokiman sa a pa bay yon deskripsyon tout sa asirans lan kouvri a. Dokiman sa a pa yon kontra. Tanpri konsilte esponsò plan w lan pou jwenn yon kopi kontra gwoup la. Si genyen diferans ant rezime sa a ak kontra gwoup la, se enfòmasyon ki nan kontra gwoup la ki gen priorite. Disponibilite pwodui yo, prestasyon yo, sipleman yo, pwoblèm plan an kouvri yo ak/oswa karakteristik yo gendwa diferan selon Eta a. Tanpri kenbe dokiman sa a pou l sèvi w referans.

KONTRA SA A PEYE PRESTASYON KI LIMITE SÈLMAN. LI PA YON ASIRANS SANTE KONPLÈ NI LI PA PEYE POU TOUT DEPANS MEDIKAL YO. ASIRANS SA A PA RANPLI KONDISYON YO BAY POU YON "ASIRANS ESANSYÈL MINIMÒM" NI YO PA RANPLI KONDISYON KI NAN LWA YO RELE AFFORDABLE CARE ACT (ACA). ASIRANS SA A PA YON ASIRANS SIPLEMAN MEDICAID NI MEDICARE.

Disponibilite pwodui yo ka diferan selon kote a ak kalite plan an, epi li kapab chanje. Tout kontra asirans gwoup yo ka mache ak esklizyon, limitasyon, rediksyon nan prestasyon yo, ak kondisyon ki ka fè kontra a rete anvigè oswa ki ka fè l kanpe. Pou jwenn detay sou sa asirans lan koute ak sa li kouvri a, egzamine dokiman plan w yo. Se filyal eksplwatasyon Cigna Corporation yo ki distribye kontra yo oswa se atravè filyal sa yo kontra yo distribye, epi se Cigna Health and Life Insurance Company (Bloomfield, CT) ki jere e ki asire kontra yo. Non, logo ak lòt mak Cigna yo se pwopriyete Cigna Intellectual Property, Inc. yo ye.

958323HT 11/19 © 2023 Cigna. Gen kèk nan enfòmasyon ki nan dokiman sa a ki anba lisans.